

REGLEMAN DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH, FLORID
Tit 6Gx50
Chapit 5. Pou Elèv
Seksyon 5.1816

Règleman 5.1816 Koreksyon ak apèl sou dosye elèv

1. **Objektif.**—Objektif Règleman sa a se pou bay direktiv ak pwosedi inifòm pou korije, efase, retire, oswa rejte oswa opoze, enfòmasyon oswa materyèl ki pa kòrèk, oswa ki gen manti oswa ki pa apwopriye nan dosye akademik elèv la, dapre Lwa Florid. § 1002.22(3)(c).
 - a. *Definisyon.*—Tèm "dosye elèv ak rapò yo" vle di "tip dosye ak rapò, ki dirèkteman gen rapò ak elèv yo . . . ki rete nan achiv enstitisyon kote elèv la ale lekòl oswa kounye a oswa te konn ale, "kote paran an oswa elèv ki adil ta gen dwa daksè dapre Lwa Florid 1002.22(2)(c) ak (3)(a).
 - b. *Limitasyon.*—Lòt tip dosye ki konsène elèv ki sou lis nan Lwa Florid § 1002.22(2)(c)1-8 p ap kapab sijè pou kontestasyon anba lwa sou dosye lekòl, kayenòt pwofesè se yon egzantp; Polis Lekòl yo kenbe dosye inikman pou rezon lapolis; dosye elèv k ap travay; epi dosye yon doktè, psikyat, sikològ oswa lòt pwofesyonèl oswa parapwofesyonèl ki rekoni te kreye oswa kenbe pou tretman elèv la.
2. **Dwa pou konteste**
 - a. Yon paran oswa elèv adil dwe gen dwa pou konteste kontni ki nan dosye ak rapò akademik elèv la, jan sa defini nan souseksyon (1)(a), yon fason pou pwouve dosye elèv la oswa rapò a pa presi, gen erè oswa otreman an vyolasyon ak vi prive oswa lòt dwa elèv la; men sèlman nan bi pou resevwa "yon opòtinite pou korije, efase oswa retire nenpòt enfòmasyon ki gen manti, done oswa materyèl ki pa presi, gen erè oswa otreman genyen done oswa materyèl ki pa apwopriye ladann." Fla. Stat. § 1002.22(3)(c).
 - b. Se sèlman tèks ki pa presi yo kapab konteste anba Lwa Florid § 1002.22(3)(c). Lwa a pa pèmèt pou konteste rezon fondamantal enfòmasyon yo nan dosye a.
 - i. Pa egzantp, Règleman sa a pèmèt yon eksplikasyon sou prezizyon tipografik ak matematik yon kanè men yo pa dakò pou kesyone rezonman pwofesè ki pran desizyon pou bay yon sèten nòt.
 - ii. Men yon lòt egzantp: yon elèv ki pran sispansyon pa kapab ale an apèl anba Lwa Florid § 1002.22(3)(c) sou baz paran an pa dakò elèv la merite sispansyon an oswa rezonman direktè/tris lekòl la nan desizyon li pran pou enpoze sispansyon an. Sepandan, yo kapab korije yon tèks (pa egzantp, si dosye a mansyone pa erè elèv la te gen sispansyon paske li te mal itilize òdinatè a men an reyalyte se pou goumen.)
3. **Rezolisyon ki pa fòmèl**
 - a. Yo kapab rezoud nenpòt pwoblèm nan dosye yon elèv atravè reyinyon oswa diskisyon enfòmèl ant pati yo (paran/elèv adil ak ofisyèl lekòl la ki apwopriye, tankou direktè/tris lekòl la).
 - b. Si pati yo ki nan reyinyon an dakò pou fè koreksyon yo, pou fè eliminasyon, pou efase materyèl, oswa ajoute yon deklarasyon pou eksplike oswa rejte dosye a, yon akò konsa dwe fèt alekri epi pati yo dwe siyen li ak mete dat la; epi otorite konpetan yo nan lekòl la dwe pran mezi ki nesèsè pou mete akò a an aplikasyon. Akò a dwe sèlman fè konnen yo te korije dosye a, elimine oswa efase, oswa yo pral ajoute yon deklarasyon eksplikatif/objeksyon, konfòmman ak Lwa Florid § 1002.22(3)(c) ak SBER 6A-1.0955(6)(k)3.

4. **Pwosedì Odyans.**—Si pati yo pa kapab antann yo pa mwayen rezolisyon ki pa fòmèl anba seksyon (3), nenpòt nan pati yo kapab mande yon odyans sou pwoblèm nan devan yon komite Depatman Sèvis pou Elèv (Student Services Department). Student Services ap òganize yon sesyon konsistan avèk Lwa Florid § 1002.22(3)(c) ak SBER 6A-1.0955(6)(k)2, 4:
- a. Yo dwe kondui odyans lan nan yon peryòd tan ki rezonab tou suit apre yo fin fè demand pou sesyon an;
 - b. Sou demand paran oswa elèv la, sesyon an ap egzan Lwa Florid la;
 - c. Objektif sesyon sa a se korije, elimine oswa efase enfòmasyon ki pa kòrèk nan tèks la, ki gen erè, oswa an vyolasyon ak dwa prive elèv la—men, pa pou fè apèl ak baz oswa rezon valab sou desizyon oswa aksyon ki te rapòte nan dosye yo;
 - d. Se otorite nan Distri a ki pa gen okenn enterè nan rezilta sesyon an ki dwe dirije sesyon an ak rann jijman an;
 - e. Paran oswa elèv la dwe gen anpil opòtinite pou prezante evidans ki releван ak pwoblèm ki soulve yo;
 - f. Y ap rann desizyon an alekri nan yon tan rezonab apre sesyon an fin konkli ; epi
 - g. Otorite lekòl ki konsène yo dwe pran aksyon ki nesèsè pou aplike desizyon an.
 - h. Desizyon komite Sèvis Elèv la pran an se li ki final. P ap gen apèl apre komite Sèvis Elèv la fin pran desizyon li. Sepandan, paran oswa yon elèv adil ap gen “dwa pou plase yon deklarasyon nan dosye edikasyon an. . . si desizyon odyans la di dosye yo pa kòrèk, gen menti oswa otreman vyole dwa prive. Konplent lan kapab fè kòmantè sou enfòmasyon ki nan dosye edikasyon an ak fè konnen nenpòt rezon ki pa an akò avèk desizyon an.” SBER 6A-1.0955(6)(k)4.

OTORITE LEGAL: §§ 1001.41(2); 1001.43(6), (8), Lwa Florid.
LWA ANVIGÈ: §§ 1002.22(3)(c); 20 U.S.C. § 1232g(a)(2), (b)(1)(B), Fla. Stat.
RÈGLEMAN DEPATMAN
EDIKASYON ETA A 6A-1.0955(6)(k)
RANFÒSE:
DOSYE ISTORIK: 19/4/2004